





Konsèy Sekirite Meteyo pou Fanmi





Ti bebe, timoun piti, ak moun ki ansent gen plis risk pou yo gen pwoblèm sante pandan evènman meteyo yo paske kò yo pi sansib ak enpak sa yo, epi tou paske timoun yo depann de lòt moun pou pwoteje yo. Ti liv sa a gen konsèy sekirite ak resous ou ka itilize pandan yon evènman meteyo pou pwoteje ou menm ak fanmi w.

Abònè ak Notify NYC pou jwenn mizajou dijans nan tout vil la, tankou alèt meteyo yo: Voye tèks **NOTIFYNYC** nan 692-692, rele **311**, oswa vizite **a858-nycnotify.nyc.gov**.





Tan Cho

- Pa janm kite timoun yo nan yon machin ki estasyon, kèlkeswa kondisyon tan an, menm si fenèt yo ouvè.
- Lè li fè cho anpil deyò a, itilize èkondisyon pou w rete fre lakay ou. Fikse klimatizè w la sou 78 degre Fahrenheit oswa nivo "refwadisman fèb" pou w ka an sekirite, konfòtab, epi ekonomize lajan.
- Chèche yon kote fre toupre ou si w pa gen èkondisyon, tankou lakay yon zanmi, yon sant relijye oswa kominotè, yon sant komèsyal, oswa yon sant refwadisman nan Vil Nouyòk.
 - Rele **311** oswa vizite findairer.nyc.gov/coolingcenters pou w jwenn yon sant refwadisman toupre w.
- Lè w ouvri fenèt yo pou refwadi lakay ou, asire w griy fenèt yo enstale sou tout fenèt yo. Pwopriyetè bilding ki gen twa apatman oswa plis dwe enstale griy fenèt nan tout inite kote yon timoun ki gen 10 ane oswa mwens k ap viv ladan, oswa si yon lokatè mande sa. Si pwoblèm nan pa rezoud, rele **311**.
- Abiye timoun yo ak rad ki lejè, ki pa gen gwo koulè, e ki pa sere.
- Nan jou ki fè cho yo, bay tibebe yo plis lèt tete oswa an poud, men pa ba yo dlo, sitou si yo gen mwens pase 6 mwa. Ankouraje timoun ki pi gran yo pou yo bwè dlo souvan.
- Verifye si tout medikaman ou menm oswa medikaman pitit ou ap pran ogmante risk maladi ki gen rapò ak chalè.
 - Pa sispann ni chanje medikaman pitit ou san w pa pale ak founisè swen sante li.
 - Byen konsève medikaman yo. Gen yon plan pou medikaman ak aparèy medikal ki bezwen frijidè nan ka gen pann kouran.

Tan Frèt

- Pa janm itilize fou oswa recho pou chofe kay la. Radyatè kewozèn ak pwopàn yo ilegal nan Vil Nouyòk.
- Di pwopriyetè oswa jesyonè bilding lan si pa gen chofaj oswa dlo cho lakay ou. Rele **311** si pwoblèm nan pa rezoud tousuit.
- Mete tibebe yo dòmi pou kont yo nan yon bèso, kouche sou do, san dra ni okenn twal ki lach.
- Abiye tibebe yo ak pijama ki gen pye oswa ak yon sak dòmi. Tibebe yo bezwen yon kouch rad an plis pase granmoun yo.
- Asire w gen detektè lafimen ak detektè monoksid kabòn ki mache byen. Chanje pil yo de fwa pa ane.



Kredi foto: Bèso pou timoun





Inondasyon ak Tanpèt

Anvan yon inondasyon oswa yon tanpèt:

- Prepare yon sak dijans — yon koleksyon atik ou ka bezwen si w dwe kite kay ou prese. Atik enpòtan pou sak dijans yon timoun ka gen ladan jwèt oswa liv, bibwon oswa gode ak ti bouch, kouchèt ak plis rad, tetin, ak lèt tete. Pou plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/health/heat.
- Prepare sa ki esansyèl, tankou sak dijans, dokiman enpòtan, ak medikaman.

Nan ka yon inondasyon oswa yon tanpèt:

- Pa rete nan sousòl yo deplase ale nan yon etaj ki pi wo. Si yo mande w pou evakye, fè sa imedyatman.
- Pa kondwi nan dlo inondasyon.
- Evite dlo inondasyon. Si w vin an kontak ak dlo inondasyon, lave kò w ak savon ak dlo pwòp oswa itilize dezenfektan ki gen alkòl. Pran swen blesi yo epi chèche èd medikal.

Après yon inondasyon oswa yon tanpèt:

- Si kay ou domaje, kontakte pwopriyetè bilding ou an, ki gen responsablite dapre lalwa pou repare sèten kalite domaj nan bilding lan, tankou domaj inondasyon lakòz. Si yo pa repare domaj yo, rele **311**.
- Retire lakay ou nenpòt bagay ki mouye ak dlo inondasyon ki pa ka netwaye epi seche nèt nan 48 èdtan. Pote rad pwoteksyon ki enpèmeyab (gan, bòt, yon mask) akòz posiblite pou gen mwazi. Mwazi ka lakòz oswa agrave sentòm opresyon ak alèji.
- Pran foto tout atik w ap jete yo pou reklamasyon asirans.
- Kenbe timoun yo lwen debri, labou, ak jwèt ki domaje
- Kite timoun yo eksprime kijan yo santi yo. Inondasyon ak gwo tanpèt ka fè timoun yo pè, menmsi yo pa wè anyen ki danjere.



Kalite Lè

Lè kalite lè a pa bon deyò:


- Siveye alèt ak nouvèl nan Vil Nouyòk, epi tcheke www.airnow.gov pou Air Quality Index (Endis Kalite Lè) la.
- Limite aktivite fizik entans deyò, pran poz regilyèman, epi rantre ak timoun yo anndan si yo montre siy ke move kalite lè a ap afekte yo.
- Redui ekspozisyon w nan polisyon lè a. Pou moun ajè ki gen 2 ane oswa plis, mete mask ki gen bon kalite ka ede (N95 oswa KN95).


Lè kalite lè a pa bon anndan:





- Itilize yon aparèy pou netwaye lè (yo rele l tou pirifikatè oswa dezenfektan lè) epi netwaye li regilyèman. Chwazi yon aparèy netwayaj lè ki gen yon filt ki fèt pou retire gaz, epi evite sa yo ki kreye ozòn yo.
 - Pou w aprann kijan pou w konstwi pwòp aparèy pou netwaye lè w, vizite epa.gov/emergencies-iaq/diy-air-cleaners.
- Kontwole bèt nuizib ki ka rann kalite lè a move epi deklanche kriz opresyon lakay timoun yo.
 - Pou w jwenn pwogram ki ka ede w jere sa ki deklanche opresyon lakay ou, vizite nyc.gov/health/map.





Resous Anplis





 Aplike pou yon èkondisyone gratis oswa èd pou peye bòdwo chofaj atravè Home Energy Assistance Program (Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay): Vizite a069-access.nyc.gov oswa rele nan 718-557-1399.

 Chèche konnen si w elijib pou w peye mwens kòb sou fakti elektrisite ak gaz natirèl atravè Con Edison's Financial Assistance Program (Pwogram Asistans Finansye Con Edison): Vizite bit.ly/3juNAAs oswa rele nan 800-752-6633.

  Jwenn aksè ak zouti ak resous itil pou sipòte timoun yo pandan ijans meteyo nan Bwat Zouti Timoun   Rezilyan/Kominite Rezilyan (Resilient Children/Resilient Communities, RCRC): Vizite bit.ly/rcrc-toolbox.

 Aprann sou Weatherization Assistance Program (Pwogram Asistans pou Pwoteksyon Kay) nan Eta Nouyòk, ede pwopriyetè ak lokatè ki elijib yo redui frè pou chofaj ak èkondisyone: Vizite hcr.ny.gov/weatherization-applicants oswa rele **311**.

 Aprann sou Pwogram EmPower+ nan Nouyòk, ki bay sèvis pou efikasite enèji pou pwopriyetè kay ak lokatè ki elijib: Vizite nyscrda.ny.gov/empower owa rele nan 866-697-3732.

  Abònè ak Notify NYC pou jwenn mizajou dijans nan tout vil la, tankou alèt meteyo yo: Voye tèks **NOTIFYNYC** nan   692-692, rele **311**, oswa vizite a858-nycnotify.nyc.gov.



Pou plis enfòmasyon sou kijan pou w prepare w pou ijans, tankou evènman meteyo yo, vizite nyc.gov/health/emergency.

1.26 Haitian Creole

NYC[™]
Health

